

Sentòm

Lè glisemi a wo pandan plizyè èdtan oswa plizyè jou:



FATIG AK ANVI DÒMI



SWAF ANPIL EPI BOUCH SÈCH



ANVI PIPI SOUVAN



TOUJOU SANTI OU MOVE

epitou: Difikilte pou ou konsantre'w

Lè glisemi a wo pandan plizyè semèn oswa plizyè mwa:



VIZYON KI TWOUB



GRANGOOU ANPIL



MEGRI SAN OU PA PLANIFYE SA

Epitou:

- Enfeksyon ki rive pi souvan
- Blese ki pa geri byen

Pou moun ki gen dyabèt tip 1 ki gen asidosezoz:

- Kè plen
- Vomisman
- Doulè nan vant
- Chalè nan bouch santi tankou fwi

Kisa ki ka lakòz yon ipèglisemi (glisemi wo)?

- Ou manje plis sik pase jan'w abitye manje.
- Ou fè mwens aktivite pase jan'w abitye bouje oswa ou fè yon aktivite fizik ki gwo anpil.
- W'ap viv yon gwo estrès fizik (tankou maladi, doulè) oswa sikolojik (tankou dèy, nouvo travay).
- Ou gen chanjman òmonal.
- Ou pran kèk medikaman ki ogmante nivo sik nan san'w (tankou kòtizòn).
- Ou bliye pran medikaman'w (ensilin) oswa ou pa pran kantite ou ta sipoze pran an.
- Ou dwe fè chanjman nan tretman'w.

Pou moun ki gen risk fè ipoglisemi (glisemi ba) :

- Ou pran twòp sik pou trete yon ipoglisemi.
- Ou fè yon ipoglisemi pandan lannwit san ou pa trete'l (ki ka chanje en ipèglisemi nan maten).

Ou gen kesyon sou dyabèt?

Service InfoDiabète

514 259-3422

1 800-361-3504

infodiabete@diabete.qc.ca

L'école du diabète

Universi D

universi-d.com

Diabète  Québec

diabete.qc.ca

Diabète  Québec

Ipèglisemi (twòp sik nan san)

Sentòm epi prekosyon ou dwe pran



Sa ipèglisemi ye?

Ipèglisemi se yon ogmantasyon nan nivo sik ki nan san'w pi wo pase barèm sante yo, sa vle di:

- Pi wo pase 7 mmol/L ajen oswa plis pase 4 èdtan apre'w manje;
- Pi wo pase 10 mmol/L, 2 èdtan apre'w manje.

Sa pou'w fè si'w fè ipèglisemi?

Pou moun kap viv ak dyabèt tip 2

Konsilte yon doktè san pèdi tan si ou genyen youn oswa plizyè nan sitiyasyon sa yo:

— Glisemi'w pi wo pase 25 mmol / L epi ou santi'w gen dòmi souvan.

— Ou dezoryante, ajite, ou pran yon bagay pou yon lòt, oswa konpòtman'w chanje

— Ou pa tolere okenn likid ak okenn manje solid.

— Ou gen siy dezidratasyon, tankou bouch ou sèk, je'w fon, po ou pèdi elasticite li, elatriye.

— Temperati kò'w pi wo pase 38,5 ° C depi plis pase 48 èdtan.

Konsej Pou tout moun

— Bwe dlo souvan pou ede kò'w elimine sik nan pipi'w epi prevni dezidratasyon.

— Si posib, fè yon aktivite fizik ki lejè tankou mache.

— Manje mwens bagay ki gen glikoz.

— Respekte pwotokòl pou ajiste medikaman'w oswa ensilin ou selon rekòmandasyon ekip swen'w.

— Mete an pratik estrateji pou'w jere estrès ou.

— Mezire glisemi'w pi souvan.

— Eseye detèmine kòz ipèglisemi an epi pran mezi pou evite sa pa rive ankò.

Pou moun kap viv ak dyabèt tip 1

Si glisemi'w pi wo pase 14 mmol / L, verifye prezans setòn nan san'w pou'w ka evalye risk asidosez epi swiv rekòmandasyon ekip kap ba'w swen.

Konsilte yon doktè san pèdi tan si ou viv youn oswa plizyè nan sitiyasyon sa yo:

— Glisemi'w pi wo pase 20 mmol / L, malgre'w eseye korije'l ak yon bon kantite ensilin.

— Nivo setòn nan san'w pi wo pase 1,5 mmol / L epi ou gen kè plen, anvi vomi, chalè nan bouch ou santi tankou fwi oswa vant ou fe'w mal.

— Nivo setòn nan san'w pi wo pase 3 mmol / L.

Si ou twouve'w nan sitiyasyon ipèglisemi souvan, sa ogmante risk pou'w devlope konplikasyon nan je, nen, nè, pati jenital, kè ak nan veso sangan'w.